



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-412

Sijè: SEKIRITE NAN LEKÒL

Kategori: ELÈV

Pibliye: 21 desanm 2023

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase A-412 ki gen dat 8 novanm 2006 la.

Yo re-ranje lòd jeneral règleman an pou plis presizyon epi ede ou konprann li pi byen. Yo fè modifikasyon nan kontni règleman an nan fason sa yo:

Seksyon I

- Yo defini paran nan seksyon A-101. (I.A.1)
- Estaf lekòl se estaf DOE pedagojik ak ki pa pedagojik k ap travay nan yon lekòl. (I.A.3)
- Bay plis enfòmasyon sou atant pou anviwònman lekòl ki sennesof ak pozitif san vyolans epi pou bay sekirite sikolojik ak fizik. (I.A.2)
- Raple tout estaf, elèv, paran, ak ajan sekirite lekòl (School Safety Agent, SSA) reponsabilite yo pou yon anviwònman lekòl ki ansekirite. (I.A.3)
- Bay klarifikasyon sou konpòtman andeyò lekòl la ki konsidere kòm yon ensidan ki gen rapò avèk lekòl la.
- Dekri kòman pou jere ka kote yon elèv ekspriye enkyetid li sou sekirite ki gen rapò avèk fason yo voye notifikasyon bay paran. (I.A.6)
- Enpoze responsablite direktè a pou asire ke tout estaf lekòl la konnen egzijans règleman an. (I.A.7)
- Klarifye wòl ajan sekirite lekòl (School Safety Agent, SSA) yo ak responsablite direktè a pou travay avèk SSA yo epi fè efò pou entegre yo nan kominote lekòl la. (I.B) Fè referans a Memorandòm pou konpreyansyon ant Depatman Edikasyon (Department of Education, DOE), Vil la ak Depatman Polis Vil Nouyòk (New York City Police Department, NYPD). (I.B.1)
- Ajoute link nan Memorandòm pou konpreyansyon epi ajoute referans avèk link pou Pwosedi Gid Patwouy ki aplikab yo (I.B.1)
- Retire tèminoloji SSA konn itilize pou prepare rapò Ensidan Sekirite nan lekòl pou ensidan ki pa kriminèl.
- Klarifye fonksyon SSA genyen tankou kontwòl vizitè, patwouy, repons pou ijans, chèche elèv si yon bagay rive, deteksyon metal/eskane. (I.B.4)
- Di ke yo pa dwe rele SSA pou sitiason move konduit minè elèv ki pa kriminèl, men yo ka mande yo èd avèk entèvansyon, jan sa nesesè. (I.B.5)
- Ajoute yon lis move konduit elèv minè ki pa kriminèl ke pèsonèl DOE responsab prensipalman pou rezoud. (I.B.5)
- Efase paragaf 3 ki pale sou reyinyon lekòl epi renimewote rès seksyon sa a.

- Ajoute kondisyon pou bilding lekòl etabli (1) BRT pandan jounen lekòl pou kowòdone repons a ijans, epi (2) yon BRT aprelekòl pou pwogram aprelekòl DOE an kolaborasyon avèk CBO dwe egziste tou, kote sa aplikab. Idantifye manm obligatwa BRT yo. (I.C)

Seksyon II

- Ajoute "swadizan" nan ensidan kriminel pou klarifye ensidan sa yo kòm swadizan nan moman y ap fè rapò a, avèti oswa kontakte NYPD oswa kesyone elèv oswa temwen potansyèl (III ak nan tout)
- Ajoute detay sou etap yo dwe suiv si yon moun bezwen swen medikal imedya pou aksidan fizik oswa maladi, tankou rele 911, kontakte paran, sa k ap pase si paran pa vle yo transpòte timoun lan. (II.A, D)
- Espesifye ke direktè/a reprezantan li dwe ale kote ensidan an rive a imedyatman epi kontakte paran an si moun nan se yon elèv. (II.B)

Seksyon III

- Mizajou sou tèminoloji (III.A) pou mande kontakte EIC lè yon ensidan ki pa kriminel oswa medikal rive ki ka gen enplikasyon sante ak/oswa sekirite piblik oswa parèt nan nouvel.
- Li etabli ke OORS se sistèm ofisyèl pou rapòte ensidan pou tout ensidan ki gen rapò avèk tout lekòl. (III.B.1)
- Aplike epi dekri kondisyon pou voye rapò OORS ale pou tout ensidan ki gen rapò avèk tout lekòl, kisa pou mete nan rapò OORS a, epi kòman pou mande yon mizajou kòd ensidan. (III.B.2)
- Retire nòt ki mande pou konplete yon rapò konplè sou aksidan, ki kounye a se yon pati nan rapò OORS.
- Mete aksan sou kesyon konsènan enfòmasyon konfidansyèl ak privilèj yo dwe mande *Senior Field Counsel* (III)
- Fè mizajou sou kondisyon pou lè direktè a/rezantan li dwe rele Sant Enfòmasyon pou Ijans (lè yo rele NYPD oswa NYPD vini nan lekòl la oswa jan OSYD mande sa) ak sa pou yo fè si ensidan an rive andeyò lè regilye EIC. (III.A.1, 3)
- Eksplike wòl EIC lè yo kòmanse fè yon rapò OORS. (III.A.2)
- Mete kondisyon pou voye deklarasyon temwen ale. (III.B.3)

Seksyon IV

- Ajoute kondisyon pou avize Direktè Sekirite Borough a, apa paran ak sipèntandan an, si yo kontakte NYPD pou yon krim yon elèv swadizan fè. (IV.A.1)
- Gen ladan rapèl pou avèti EIC si yo rele NYPD pou krim elèv fè. (IV.A.1)
- Ajoute tèminoloji pou klarifye tip krim pou yo rapòte ba direktè lekòl la ak NYPD. (IV.A.1)
- Yo ajoute tèminoloji ki eksplike ke direktè a dwe kontakte Senior Field Counsel si direktè a pa sèten si konpòtman an se yon krim, ki mande pou yo rele NYPD. (IV.A.1.b)
- Gen ladan rapèl pou avèti EIC si yo rele NYPD pou krim yon elèv fè (IV.A.1)
- Chanje ekspresyon menas sekirite (safety threat) pou ijans sekirite (safety emergency) pou yo dekri lè yo dwe kontakte lapolis avan yo kontakte direktè a/rezantan li.
- Chita pale sou pwosedi pou move konduit elèv ki pa kriminel. (IV.A.2). Pou move konduit elèv ki pa kriminel, tèminoloji an klarifye ke direktè a gen otorite pou pèmèt lekòl la pran mezi ki apwopriye. (IV.A.2.b)

- Li fè konnen yo paka rele 911 pou rezon/sanksyon disiplinè akòz konpòtman yon elèv ki pa kriminèl. (IV.A.2)
- Fè klarifikasyon pou rapòte konduit kriminèl oswa move konduit seksyèl ki enplike elèv DOE aplike pou nenpòt adilt ki te fè yon krim ki gen rapò avèk lekòl la oswa ki te angaje nan move konduit seksyèl avèk yon elèv DOE; bay presizyon ke direktè a/reprezantan li pa dwe mennen ankèt sou akizasyon an lè yo rele SCI. (IV.B.1)
- Ajoute referans sou pwosedi pou lòt move konduit anplwaye DOE ak anplwaye ki pa DOE k ap travay nan lekòl yo. (IV.B.2)

Seksyon V

- Ajoute dispozisyon pou pran, lè sa apwopriye, direktè a/reprezantan li dwe konsilte yon sipèvizè nan pòs polis la ak Direktè Sekirite Borough a avan yo arete yon elèv sof si yo mande arete li menm kote a. (V.A) Bay presizyon pou kontakte moun ki konsène si gen gwo danje, epi yo dwe arete elèv la menm kote a.
- Ajoute tèminoloji arestasyon elèv pou krim ki pa gen rapò avèk lekòl ki fèt andeyò kanpis lè yo fè sa pa pral konpwomèt sekirite epi retire referans a lè sa posib. Si yo mande pou arestasyon fèt sou lakou lekòl la, direktè a dwe pale avèk Direktè Sekirite Borough a. (V.C)
- Ajoute dispozisyon pou fè arestasyon elèv nan yon espas prive si sa posib; pa itilize menòt metal sou elèv ki poko gen 12 lane chak fwa sa posib oswa san apwobasyon SSD; itilize kantite minimòm kontwòl ki nesèsè. (V.E)

Seksyon VI

- Se NYPD/ajans investigasyon ki pou poze kesyon sou krim ki gen rapò avèk lekòl. (VI.B)
- Espesifye si paran vle prezan lè y ap poze kesyon, yo dwe tann pou paran an rive pou poze kesyon, epi yo ka pa poze kesyon yo si paran an pa dakò. (VI.B.1)
- Avan yo ka poze yon elèv kesyon, direktè a/reprezantan li dwe eseye kontakte paran an. Si yo pa ka jwenn paran, epi NYPD di gen menas kontinyèl pou danje iminan, yo dwe konsilte Avoka Jeneral oswa Biwo Avoka Jeneral avan entèwogasyon an kapab kontinye. (VI.B.1) Espesifye danje iminan aplike pou yon elèv ki se yon sispè epi sikonstans egzijan aplike pou elèv ki pa sispè.
- Mete si lapolis/ajans k ap fè investigasyon an ap poze kesyon, nan absans paran an, yon elèv ki gen andikap ki gen enpak sou kapasite pou yo konprann ak kominike, reprezantan lekòl la dwe yon moun ki kapab sipòte elèv la. (VI.B.1.c, VI.B.2, VI.B.4)
- Ajoute yon rapèl sou obligasyon pou bay yon entèprèt pou elèv ki gen difikilte pou kominike nan lang anglè (VI.B.1.c)
- Chanje tit elèv ki sispè pou elèv yo akize pou yon swadizan krim (VI.B1.d ak nan tout)
- Ajoute nouvo dispozisyon ki dekri lè yo dwe li dwa legal moun nan genyen (Miranda warnings) (VI.B.1.d, VI.B.2.d)
- Di ke yo dwe kontakte paran pou jwenn konsantman si SCI vle fè entèwogasyon avèk yon elèv. (VI.B.4)
- Sigjere pou kontakte Senior Field Counsel si nenpòt ajans ki pa NYPD vle poze estaf kesyon. (VI.C.1)
- Ajoute chwa pou entèwogasyon sou krim ki pa gen rapò avèk lekòl yo fèt andeyò lè lekòl. (VI.B.2)

- Ajoute detay sou fason pou jere reklamasyon ki gen rapò avèk sikonstans ijan oswa menas kontinyèl danje si NYPD oswa yon ajans k ap fè investigasyon an vle poze estaf kesyon pandan lè lekòl sou yon ensidan ki pa krim. (VI.B.2)
- Ale gade [Règleman Chanselye A-750](#) pou enfòmasyon konplè sou rapò akizasyon abi sou timoun, move tretman oswa neglijan, epi retire detay ki pa konplè nan règleman sa a. (VI.B.3)

Seksyon VII

- Fè mizajou sou pwosedi pou objè ke yo entèdi pa ka rete nan men moun nan lekòl la, epi pou NYPD/SSA sezi tout objè ke yo entèdi ak verifye ke tout evidans yo la (vouchered) epi pote yo nan pòs polis. (VII.A, B)
- Etabli pwosedi yo dwe swiv konsènan objè ke yo entèdi ki reprezante yon danje pou kominote lekòl la, tankou kontakte paran an, ak jete objè a/yo si paran an pa vin pran li apre 30 jou lekòl. (VII.C)
- Efase konvèsasyon ki nan telefòn selilè.

Seksyon VIII

- Fè mizajou sou fason pou egzamine enfòmasyon yo mande pou dosye elèv lè w gade [A-820](#). (VIII.A)



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: **A-412**

Sijè: **SEKIRITE NAN LEKÒL**

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: **21 desanm 2023**

REZIME

Règleman sa a modifiye ak ranplase règleman Chanselye A-412 (Chancellor's Regulation, CR A-185)R A-412 ki gen dat 8 novanm 2006. Li eksplike responsablite estaf lekòl pou kenbe lekòl la sennesof ak ansekirite. Li etabli tou pwosedi yo dwe swiv lè yon swadizan krim oswa ensidan ki gen rapò avèk lekòl rive ak pwotokòl pou verifiye objè yo entèdi.

I. KENBE YON ANVIWÒNMAN LEKÒL KI SENNESOF, GEN SEKIRITE AK POZITIF

A. Règleman ak prensip jeneral

1. Lòd ak sekirite nan lekòl leta yo ak ozanviwon yo enpòtan pou kreye anviwònman aprantisaj kote elèv ka satisfè nòm akademik elve, kote edikatè ka anseye nan nivo nòm sa yo, epi kote paran ka gen garanti ke pitit yo ap aprann nan yon anviwònman ki gen sekirite. Tèm "paran" an, kèlkeswa lè yo itilize l nan règleman sa a vle di paran elèv la oswa responsab li oswa nenpòt moun ki jwe wòl paran oswa k ap pran swen elèv oswa nenpòt lòt siyifikasyon li genyen nan [Règleman Chanselye A-101](#).
2. Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (NYC Department of Education, DOE) angaje l pou l asire tout lekòl yo ofri yon anviwonman sennesof, san danje, ak pozitif pou tout elèv, estaf, ak paran yo. Yon anviwònman lekòl ki ansekirite ak pozitif dwe san vyolans, san zam, san dwòg ak san lòt menas pou sekirite fizik ak sante; bay popilasyon lekòl la sekirite emosyonèl ak sikolojik; dwe baze sou relasyon ki gen konfyans ak bon komunikasyon ant adilt ak elèv; trete elèv yon fason ekkitab; epi ankouraje konvèsasyon kote divèsite ak diferans yo respekte, epi jere konfli kòm sadwa.
3. Etabli anviwònman lekòl ki ansekirite se responsablite kolektif DOE, tout manm estaf lekòl la, elèv yo, paran yo, Ajan Sekirite Lekòl (School Safety Agents, SSA) ak Divizyon Sekirite nan Lekòl (School Safety Agents, SSD)

Depatman Lapolis Vil Nouyòk (NYPD). Tèminoloji manm estaf/estaf lekòl la, nenpòt lè yo itilize nan règleman sa a, vle di tout anplwaye pedagogik ak anplwaye ki pa pedagogik DOE k ap travay nan yon lekòl.

4. Li eksplike tou pwosedi ke yo dwe suiv lè yon krim oswa yon ensidan ki gen rapò avèk lekòl. Pou objektif règleman sa a, yon ensidan ki gen rapò avèk lekòl se yon ensidan sante oswa sekirite ki rive sou pwopriyete lekòl la, avan, pandan oswa apre lè lekòl; pandan w ap vwayaje nan machin DOE finanse; sou entènèt; nan tout evènman lekòl la; oswa andeyò pwopriyete lekòl la ki gen yon rapò avèk lekòl la, epi ensidan an ka afekte sante, sekirite, oswa byennèt elèv, estaf ak/oswa kominote lekòl la. Ensidan ki gen rapò avèk lekòl yo enkli men pa limite a swadizan ensidan kriminèl, ensidan ki pa kriminèl ki ka mande pou lekòl la oswa DOE fè swivi pou aksidan ak ijans medikal.
5. Direktè a/reprezantan li ak estaf lekòl dwe kontinye swiv pwosedi avètisman, fè rapò ak envestigasyon ki obligatwa, delè pou pwosedi sa yo ak egzijans pou fè swivi apwopriye ki tabli pi ba a ak nan Règleman Chanselye ki aplikab konsènan ensidan move konduit elèv ak anplwaye DOE ak anplwaye ki pa DOE k ap travay nan lekòl.
6. Nan ka kote Règleman sa a egzije yon notifikasyon paran, si elèv la enfòmè direktè a/reprezantan li sou enkyetid sekirite konsènan notifikasyon paran an, direktè a/reprezantan li dwe Senior Field Counsel li a pou detèmine kijan pou kominike avèk paran an, epi sipò ki apwopriye pou elèv ak konsiderasyon sou vi prive ak sekirite enkyetid.
7. Direktè yo responsab pou asire tout estaf lekòl yo konnen pwosedi ki tabli nan Règleman sa a.
8. Se yon obligasyon pou respekte pwosedi ki fikse nan règleman sa a. Si yo pa respekte pwosedi sa yo, ya ka pran sanksyon disiplinè tankou revokasyon.

B. Ajan sekirite lekòl ak NYPD

1. SSA fè pati entegral nan yon kominote lekòl epi yo responsab pou asire sekirite lekòl la lè yo pwomote ak sipòte misyon edikasyon DOE a epi dapre [Memorandòm Konpreyansyon](#) aktyèl la ant DOE, NYPD ak Vil Nouyòk ak ki aplikab nan [pwosedi \(215-13, 215-17\)Gid Patwouy NYPD \(NYPD Patrol Guide\)](#)
2. Direktè ak SSA dwe konsilte epi travay ansanm youn avèk lòt sou zafè ki gen rapò avèk sekirite lekòl la, klima lekòl la, ak operasyon chak jou nan lekòl yo.
3. Fonksyon sekirite SSA yo gen ladan, men pa sèlman, kontwòle vizitè yo, fè patwouy nan bilding lekòl yo, repons pou ijans, chèche elèv si yon bagay rive ak analize metal detektè. Pou plis egzijans ak enfòmasyon, gade [Règleman Chanselye A-432](#) a konsènan chèche elèv si yon bagay rive ak [Kòd Konduit DOE pou tout distri a](#).
4. Se reponsabilite estaf DOE pou rapote ak reponn a move konduit elèv ki pa kriminèl. Move konduit sa yo ka gen ladan, men se pa sa sèlman: konpòtman

ki deranje pwosesis edikasyon an (pa egzanp: fè twòp bri); pa mete inifòm ki obligatwa a; pa ale nan klas; reta pou lekòl oswa klas; absans lekòl san eskize; angaje nan yon konpòtman vèbalman grosye oswa derespektan; mete rad, kepi/chapo oswa lòt bagay ki pa ansekirite oswa ki deranje pwosesis edikasyon an; fimen ak/oswa itilize sigarèt elektwonik ak/oswa posesyon alimèt oswa brikè; jwèt aza; itilize òdinatè lekòl la, faks, telefòn, ak/oswa ekipman oswa aparèy elektwonik san otorizasyon apwopriye; bay manti, bay fo enfòmasyon, oswa twonpe pèsonèl lekòl la; ak mal itilize pwopriyete/afè lòt moun. Estaf lekòl la pa dwe rele SSA oswa NYPD (ladan Divizyon Sekirite Lekòl la) pou rezoud oswa reponn move konduit ki pa grav, ki pa krim elèv genyen, kote estaf lekòl la kapab rezoud move konduit sa yo san danje. Lè sa apwopriye, estaf lekòl la ka mande asistans yon SSA pou sipòte manm estaf la nan enpleman entèvansyon ak sipò ki baze nan lekòl la (pa egzanp: mennen elèv nan biwo dwayen an).

C. Ekip pou reponn a ijans nan bilding (Building Response Team)

1. Chak bilding lekòl dwe etabli yon ekip pou reponn a ijans nan bilding (Building Response Team, BRT) pou kowòdone repons lekòl la oswa kanpis la si gen yon ijans ki rive nan oswa ozalantou lekòl la jiskaske sekouris yo rive.
2. BRT a dwe, pou pi piti, genyen yon lidè BRT, ofisye ijans, evalyatè ensidan, kowòdonatè bezwen espesyal, kowòdonatè pwen rasanbleman ak moun pou rantre done.
3. Chak bilding dwe etabli tou yon BRT aprelekòl pou pwogram aprelekòl DOE ki an kolaborasyon avèk Òganizasyon ki baze sou kominote (Community-Based Organization, CBO), kote sa aplikab.

II. **ENSIDAN KI GEN RAPÒ AVÈK LEKÒL KI MANDE IJANS ASISTANS MEDIKAL**

- A. Chak fwa yon moun bezwen swen medikal imedyat pou yon blesi oswa yon maladi fizik, manm estaf lekòl la ki la/SSA dwe 1) imedyatman rele 911 pou yo voye EMS/Departman Ponpye; 2) imedyatman apre sa avèti biwo prensipal la oswa lòt pwen kontak yo chwazi pou fè aranjman pou yon pwofesyonèl sante ki resevwa fòmasyon (pa egzanp: èd sante, enfimyè, doktè, enfimyè pratikan, oswa asistan doktè), si li disponib, pou vini; epi 3) apres, avèti direktè a/reprezantan li. Al gade [Règleman Chanselye A-411](#) konsènan elèv ki nan kriz konpòtman ak de-eskalade kriz ak [Règleman Chanselye A-755](#) pwosedi konsènan prevansyon swisid ak rele 911 konsènan sa.
- B. Espesifye ke direktè a/reprezantan li dwe ale kote ensidan an rive a imedyatman epi kontakte paran an si moun nan se yon elèv. Si elèv la fè direktè a/reprezantan li konnen li gen enkyetid pou sekirite li konsènan notifikasyon paran an, direktè a/reprezantan li ta dwe pale avèk Senior Field Counsel li a pou detèmine kijan pou l kominike avèk paran an, avèk sipò ki apwopriye pou elèv ak konsiderasyon sou enkyetidsou pou vi prive ak sekirite.

- C. Yo dwe bay premye swen jan sa apwopriye dapre [Règleman Chanselye A-701](#) pou bezwen medikal imedyà yon moun jiskaske yo bay sèvis medikal pwofesyonèl/transpò medikal.
- D. Si moun ki bezwen assistans medikal la se yon elèv epi paran an mande pou yo pa mennen timoun lan lopital, sekouris 911 ki sou sèn lan dwe detèmine si yo ka dakò avèk sa paran an mande a dapre règleman ak pwosedi Depatman Ponpye Vil Nouyòk (Fire Department of New York, FDNY) la konsènan refi asistans medikal epi avèti paran an.
- E. Si moun ki bezwen asistans medikal la se yon elèv epi yo pa ka jwenn paran an oswa paran an poko rive lekòl la, se responsablite sekouris 911 pou detèmine si y ap mennen elèv la lopital.
- F. Nan tout sitiyasyon kote sekouris 911 yo detèmine ke yo dwe mennen yon elèv lopital epi paran an poko rive nan lekòl la, yon manm estaf lekòl la dwe akonpaye elèv la lopital oswa swiv elèv la, si sekouris 911 la mande sa a. Si paran an pa rive lopital la nan fen jounen travay manm estaf lekòl la, manm estaf la dwe kontakte direktè a/reprezantan li.

III. FÈ RAPÒ AK KONFIME ENSIDAN KI GEN RAPÒ AVÈK LEKÒL

Rapò konplè, ki presi ak ki gen detay ensidan ki gen rapò avèk lekòl la, tankou swadizan ensidan kriminel ak ensidan ki pa kriminel, blesi ki soti nan ensidan sa yo, ak ensidan ki mande swen medikal ijans, esansyèl pou kenbe sekirite ak lòd nan lekòl yo. Etap ki pi ba yo bay kondisyon pou fè rapò ak dokimante ensidan sa yo.

Yo dwe respekte egzijans sa yo kèlkeswa sous enfòmasyon an ansanm avèk demand yo pou rezon konfidansyalite. Yo dwe kontakte Senior Field Counsel pou kesyon ki gen rapò avèk konfidansyalite ak enfòmasyon pèsònèl. Gade [Règleman Chanselye D-180](#) pou jwenn plis enfòmasyon sou pwosedi pou rapòte ensidan pou òganizasyon k ap itilize bilding lekòl yo pandan lè ki pa lè lekòl.

- A. Sant Enfòmasyon Ijans (Emergency Information Center, EIC) Depatman edikasyon an
 - 1. Direktè a/reprezantan li dwe mete Sant Enfòmasyon pou Ijans la okouran chak fwa yo rele NYPD oswa reponn a yon ensidan ki gen rapò avèk lekòl la oswa yon ensidan ki pa kriminel ak/oswa ensidan medikal rive ki ka gen enplikasyon sante piblik ak/oswa sekirite oswa ki ka nan nouvèl, pa egzanz: tire, alèt bonb, aksidan otobis, tantativ swisid. Anplis, Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn (Office of Safety and Youth Development, OSYD) la ap fè lekòl yo konnen chak ane avan ane lekòl la ki lòt kalite ensidan ki gen rapò avèk lekòl yo bezwen fè EIC konnen.
 - 2. Lè EIC resevwa yon rapò, EIC ap kòmanse yon rapò sou entènèt nan sistèm rapò sou entènèt la (Online Occurrence Reporting System, OORS). EIC ap bay lekòl la yon nimewo kontwòl. Nan espas yon jou lekòl, direktè a/reprezantan li dwe gade, fè mizajou si sa nesesè, epi voye rapò OORS la ale.

3. Si direktè a/reprezantan li vin konnen yon ensidan ki gen rapò avèk lekòl ke yo dwe rapòte bay EIC andeyò lè regilye EIC fonksyone (sa vle di apre lekòl nan jou lasemèn lè lekòl la nan sesyon ak pandan wikenn oswa jou ferye lè lekòl la pa nan sesyon), direktè a/reprezantan li dwe rapòte ensidan an imedyatman bay Direktè Sekirite Borough a epi voye yon imèl bay EIC konsènan ensidan an, lè l itilize modèl OSYD fè a.

B. Sistèm rapò sou entènèt sou sa ki rive (Online Occurrence Reporting System, OORS)

1. Sistèm rapò DOE sou entènèt sou sa ki rive (OORS) se sistèm ofisyèl pou rapòte ensidan pou tout ensidan ki gen rapò avèk lekòl.
2. Direktè a/reprezantan li dwe kreye epi voye yon rapò OORS ale pou tout ensidan ki gen rapò avèk lekòl lè l itilize kòd ensidan ki aplikab la nan yon jou lekòl apre direktè a/reprezantan li vin konnen sa ki pase a. Rapò a dwe gen ladan l, pami lòt bagay, yon deskripsyon konplè ak bon jan detay sou ensidan an, men li pa dwe gen ladan detay sou aksyon disiplinè, ke yo pwopoze oswa deside pran. Direktè a/reprezantan li dwe fè mizajou nan rapò OORS a jan sa nesèsè pou ajoute nouvo enfòmasyon anplis ki gen rapò avèk ensidan an nan yon jou lekòl apre li resevwa nouvo enfòmasyon an. Si direktè a/reprezantan li vle fè mizajou nan kòd ensidan an, li dwe voye yon demand ba osyddata@schools.nyc.gov pou konsiderasyon.
3. Nan kad investigasyon an, yo dwe fè entèwogasyon avèk lòt temwen ki konsène epi mande temwen an prepare deklarasyon an dapre règleman ki aplikab. Yo dwe voye deklarasyon temwen yo nan OORS.
4. Direktè a/reprezantan li dwe mete tout entèvansyon ak sipò yo ofri tout konsène ak temwen yo ak tout sanksyon ki pran kont elèv yo jwenn ki te gen konpòtman ki entèdi nan OORS.
5. Tout moun yo chwazi pou mete enfòmasyon nan OORS dwe resevwa fòmasyon sou règleman ak pwosedi pou fè rapò OORS yo.

IV. KONDISYON POU FÈ ANONS POU ENSIDAN KI GEN RAPÒ AVÈK LEKÒL

Sa ki pi ba a tabli notifikasyon ki obligatwa lè ensidan ki gen rapò avèk lekòl ki enplike move konduit kriminel ak ki pa kriminel yon elèv genyen, yon anplwaye DOE oswa yon anplwaye ki pa DOE k ap travay nan yon lekòl kote sa rive. Yo dwe respekte egzijans sa yo kèlkeswa sous enfòmasyon an ansanm avèk demand yo pou rezon konfidansyalite. Yo dwe kontakte Senior Field Counsel oswa Biwo Avoka Jeneral (Office of General Counsel) la pou kesyon ki gen rapò avèk konfidansyalite ak enfòmasyon pèsònèl.

A. Move konduit elèv

1. Krim elèv fè
 - a. Nan nenpòt ka kote yon manm estaf lekòl la, SSA, oswa lòt anplwaye ki pa DOE k ap travay nan yon lekòl (pa egzanp: estaf CBO, gadyen, temwen) oswa te resevwa enfòmasyon oswa yon akizasyon konsènan

yon krim yon elèv te fè ki gen rapò avèk lekòl ki poze yon danje pou elèv, estaf oswa kominote lekòl la te pran angajman, yo dwe:

- i. avèti direktè a/reprezantan li imedyatman;
 - ii. si ensidan an lakoz yon ijans pou sekirite imedyatman, yo dwe imedyatman avèti NYPD epi avèti direktè a/reprezantan li.
- b. Direktè a/reprezantan li dwe avèti NYPD imedyatman (sòf si yo kontakte NYPD deja), ak SSA. Si direktè a/reprezantan li pa sèten si konpòtman an konsidere kòm yon krim, yo dwe konsilte *Senior Field Counsel*.
 - c. Direktè a/reprezantan li dwe fè tout efò posib pou avèti paran elèv yo akize a imedyatman ak paran swadizan viktim nan, si sa nesèsè, sipèntandan an, ak direktè Sekirite Borough a.
 - d. Direktè a/reprezantan li dwe kontakte EIC tou pou kòmanse yon rapò OORS.
 - e. Gade Seksyon V pou pwosedi konsènan arestasyon elèv.
2. Move konduit elèv ki pa kriminèl
 - a. Estaf lekòl yo responsab prensipalman pou abòde ak rezoud move konduit elèv ki pa kriminèl ki gen rapò avèk lekòl atravè: itilizasyon apwopriye jesyon salklas ak teknik de-escalation; aplikasyon rekòmandasyon lekòl la; ak sanksyon disiplin, sipò ak entèvansyon, dapre Atant Konpòtman Vil la pou Sipòte Aprantisaj Elèv (Kòd Disiplin lan), ak Règleman Chanselye ki aplikab ak règleman DOE. Nan okenn sikonstans yo pa dwe rele 911 oswa anplwaye pou reponn a move konduit ki pa kriminèl kòm yon repons disiplinè oswa mezi disiplinè.
 - b. Nan tout ka kote yon manm estaf lekòl la oswa yon temwen SSA oswa aprann yon akizasyon yon elèv ki gen rapò avèk yon move konduit ki pa kriminèl ki gen rapò avèk lekòl la ki ka egzije yon aksyon disiplinè lekòl la oswa lòt swivi, yo dwe avèti direktè a/reprezantan li imedyatman pou lekòl la ka pran mezi apwopriye.
 - c. Direktè a/reprezantan li dwe kreye epi voye yon rapò OORS jan yo endike sa pi wo a nan Seksyon III.B.
 3. Direktè a/reprezantan li ak estaf lekòl dwe kontinye swiv pwosedi notifikasyon, rapò ak investigasyon ki obligatwa, delè pou pwosedi sa yo ak kondisyon pou fè swivi apwopriye ki tabli nan Règleman Chanselye ki aplikab konsènan elèv ki nan kriz konpòtman; move konduit elèv ki ka mande pou lekòl la pran aksyon disiplinè oswa fè swivi; arasman seksyèl ant elèv (student-to-student); ak diskriminasyon ant elèv, arasman, entimidasyon ak vyolans

fizik/vèbal (bullying). Gade règleman Chanselye [A-411](#), [A-443](#), [A-831](#), ak [A-832](#) pou plis enfòmasyon.

B. Move konduit anplwaye DOE oswa anplwaye ki pa DOE k ap travay nan yon lekòl

1. Konduit kriminèl ak move konduit seksyèl ki enplike elèv DOE

a. Nan tout ka kote yon anplwaye DOE, yon ofisyè NYPD, SSA, oswa yon lòt anplwaye ki pa DOE nan yon lekòl, temwen oswa resevwa enfòmasyon oswa yon akizasyon ke yon estaf pèsònèl lekòl la oswa yon anplwaye ki pa DOE oswa yon moun ki gen rapò avèk pwogram lekòl oswa sèvis tankou yon volontè k ap travay nan yon lekòl: 1) swadizan fè yon krim ki gen rapò avèk lekòl; oswa 2) te nan move konduit zak seksyèl nan oswa andeyò pwopriyete lekòl la avèk yon elèv DOE, kèlkeswa konduit sa a se kriminèl, yo dwe imedyatman:

- i. avèti direktè a/reprezantan li ak Sipèntandan an;
- ii. si swadizan move konduit la se aksyon kriminèl epi ensidan an kreye yon menas sekirite imedyà, yo dwe avèti NYPD epi ansuit avize direktè a/reprezantan li;
- iii. Si se yon elèv ki se viktim aktivite kriminèl yo sispèk la, direktè a/reprezantan li dwe avèti paran an tou; epi
- iv. mete SCI okouran. Apre direktè a/reprezantan li fin okouran, direktè a/reprezantan li pa dwe rasanble okenn enfòmasyon oswa envestige akizasyon sa a.

b. Direktè a/reprezantan li dwe:

- i. avèti NYPD si swadizan move konduit la se aksyon kriminèl (sòf si NYPD te deja avize jan sa endike nan Seksyon IV.B.1 pi wo a) ak SSA a;
- ii. avèti paran an si yon elèv enplike; epi
- iii. kontakte EIC pou kòmanse yon rapò OORS.

2. Lòt Move Konduit

Direktè a/reprezantan li ak estaf lekòl dwe kontinye suiv pwosedi notifikasyon, fè rapò ak envestigasyon ki obligatwa, delè pou pwosedi sa yo ak egzijans pou fè swivi apwopriye ki tabli pi ba a ak nan Règleman Chanselye ki aplikab konsènan ensidan move konduit elèv ak anplwaye DOE ak anplwaye ki pa DOE k ap travay nan lekòl epi DOE ak Règleman Vil Nouyòk pou fè rapò bay SCI. Gade Règleman chanselye A-420, A-421, ak A-830, pou egzanp, ak [Komisè espesyal envestigasyon \(Special Commissioner of Investigation\) pou distri lekòl Vil Nouyòk \(nycsci.org\)](#).

V. ARESTASYON ELÈV

- A. Ofisye NYPD ak SSA ap, nan tout mezi ki posib, pale avèk direktè a/reprezantan li avan yo mete yon elèv anba arestasyon oswa bay nenpòt fòm pwosesis kriminèl, eksepte kote gen gwo danje, epi yon arestasyon imedyat obligatwa. Lè sa apwopriye, direktè a/reprezantan li kapab pale avèk yon sipèvizè pòs polis.
- B. Si yon ensidan egzije pou yo fè arestasyon imedyat epi li pa posib pou yo pale avèk yon sipèvizè pòs polis alavans, ofisye NYPD/SSA dwe avèti direktè a/reprezantan li osito sa posib apre yo fin arete elèv la.
- C. NYPD ap arete elèv andeyò lakou lekòl pou swadizan krim ki pa gen rapò avèk lekòl, depi sa p ap afekte sekirite lòt moun. Si NYPD ap chèche arete yon elèv sou pwopriyete lekòl la pou yon swadizan krim ki pa gen rapò avèk lekòl la, direktè a/reprezantan li dwe pale avèk Direktè Sekirite Borough li a (Borough Safety Director, BSD) pou jwenn plis konsèy.
- D. Direktè a/reprezantan li dwe avèti paran an imedyatman lè yo arete yon elèv. Yo dwe avèti Sipèntandan an tou san pèdi tan.
- E. Yo dwe fè tout efò pou respekte dwa vi prive elèv la lè y ap rete yon elèv. Pou ka ki pa gen ijans, ofisye k ap fè arestasyon an dwe fè yon arestasyon nan yon kote ki pa gen ni estaf ni lòt elèv.
- F. Direktè a/reprezantan li dwe fè tout efò posib pou jwenn non ak nimewo badj idantite ofisye NYPD a ki fè arestasyon an epi mete l nan rapò OORS la.
- G. Dapre règleman NYPD, SSA ak ofisye NYPD dwe itilize nivo minimòm kontwòl ki nesèsè lè yo kenbe elèv epi chak fwa sa posib yo pa dwe itilize menèt metal sou elèv ki poko gen 12 lane san yo pa apwobasyon alavans pèsonèl SSD ki apwopriye yo. Lè sa posib, ofisye SSA ak NYPD dwe kowòdone avèk direktè a/reprezantan li pou fè yon elèv la ale nan yon espas kote pa gen ni estaf ni lòt elèv avan yo mete menèt oswa kenbe angadavi.
- H. Nan tout sitiyasyon, si yo pa ka jwenn paran an oswa si ofisye NYPD a ale avèk elèv la avan paran an rive, yon manm estaf lekòl la (pa yon SSA) dwe akonpaye elèv la nan biwo pòs polis la. Si yo bay pèmasyon pou akonpaye elèv la, manm estaf lekòl la dwe ale imedyatman nan pòs polis la. Moun ki akonpaye oswa swiv elèv la nan pòs polis la dwe se yon moun ki pa enplike nan ensidan ki te lakòz arestasyon an epi pa ka yon SSA. Manm estaf lekòl la dwe rete avèk elèv la pou yon tan ki rezonab oswa jiskaske yo pa bezwen li ankò.
- I. SSA dwe prepare yon rapò ensidan sou sekirite lekòl pou NYPD, pou: krim, enfrazyon/krim ki pa grav (misdemeanors) ak ensidan ki enplike zam, pwodui ki sou kontwòl, ak aktivite kriminèl ki gen rapò avèk gang. Si SSA a pa patisipe dirèkteman oswa pa okouran de yon ensidan nan youn nan kategori sa yo, kidonk direktè a dwe bay SSA a yon deskripsyon vèbal sou ensidan an. SSA dwe voye yon kopi rapò a nan School Safety Division Operation Center atravè kanal ki apwopriye.

VI. ENTÈWOGATWA ELÈV AK ESTAF

A. Prensip jeneral:

1. Yo dwe swiv pwosedi sa yo lè NYPD, SCI, administrasyon pou sèvis timoun (Administration for Children's Service, ACS) oswa lòt ajans k ap fè investigasyon bezwen poze yon elèv ak/oswa yon manm estaf lekòl kesyon. Direktè a/reprezantan li dwe kontakte *Senior Field Counsel* li a pou kesyon konsènan demand pou fè entèvyou avèk estaf ak/oswa elèv.
2. Lè yo gen dwa pou poze elèv oswa estaf kesyon, yo dwe fè tout efò pou pa deranje aprantisaj ak ansèyman.

B. Poze elèv kesyon

1. Krim ki gen rapò avèk lekòl: Lè NYPD/lòt ajans k ap fè investigasyon an vle poze yon elèv nan lekòl kesyon konsènan yon swadizan krim ki gen rapò avèk lekòl, direktè a/reprezantan li dwe fè tout efò posib pou kontakte paran elèv la.
 - a. Si yo jwenn paran an, direktè a/reprezantan li ak/oswa NYPD/lòt ajans k ap fè investigasyon an dwe pale avèk paran an sou fason paran an vle pwosesis la fèt. Si paran an pa gen objeksyon, direktè a/reprezantan li dwe pèmèt yo poze elèv la kesyon. Si paran an vle prezan pandan y ap poze kesyon an, yo pa dwe kòmanse toutotan paran an poko rive. Si paran an pa dakò, yo paka fè entèwogasyon an.
 - b. Si yo pa ka jwenn paran an, direktè a/reprezantan li pa dwe pèmèt yo poze elèv la kesyon sof si NYPD/ajans k ap fè investigasyon an santi ke gen yon menas danje iminan kontinyèl nan ka yon elèv yo akize pou aktivite kriminel oswa sikonstans egzijan nan ka elèv ki pa akize a. Si NYPD/ajans k ap fè investigasyon an endike gen yon menas kontinyèl iminan nan danje a, direktè a dwe pale avèk *Senior Field Counsel*, oswa *Biwo Senior Field Counsel* la si yo pa kapab kontakte *Senior Field Counsel*.
 - c. Nan tout ka kote NYPD/ajans k ap fè investigasyon an keksyone yon elèv nan lekòl la nan absans yon paran, direktè a/reprezantan li dwe prezan pandan y ap poze kesyon yo. Si ensidan an enplike direktè a/reprezantan li, yon manm estaf lekòl la ki pa direktè a/reprezantan li dwe prezan. Yo dwe ofri elèv la opòtinite pou l chwazi yon manm estaf DOE ki disponib ki apwopriye pou li prezan pandan entèwogasyon a. Yo pa ka fòse elèv pase yon entèwogasyon. Pou elèv ki gen andikap ki gen enpak sou kapasite pou yo konprann oswa kominike, moun yo chwazi an dwe yon manm estaf ki kapab sipòte elèv la menm tou fòk elèv la konfòtab avèk moun lan. Si elèv/paran an gen difikilte pou kominike nan lang anglè oswa si li mande yon entèprèt, yo dwe pran dispozisyon ki nesèsè pou sa.

- d. Si li klè ke se yon elèv yo akize nan yon swadizan krim epi poze kesyon ka lakòz sa enkrimine, Avètisman Miranda pou Entèwogasyon Jivenil pou elèv ki poko gen laj 16 lane ak avètisman Miranda pou elèv ki gen laj 16 lane oswa plis dwe li an prezans direktè a/reprezantan li oswa paran/responsab la.
2. Krim ki pa gen rapò avèk lekòl: Lè NYPD/ajans k ap fè investigasyon an mande pou poze yon elèv kesyon nan lekòl la konsènan aktivite kriminel ki pa gen rapò avèk lekòl la, direktè a/reprezantan li dwe mande pou entèwogasyon an fèt nan lè ki pa gen kou epi avèti paran an.
 - a. Si NYPD/ajans k ap fè investigasyon an endike ke gen sikonstans egzijan oswa yon gwo menas danje ki jistifye pwosedi pou yon entèwogasyon, direktè a/reprezantan li dwe eseye kontakte paran an. Si yo pa ka jwenn paran an, direktè a/reprezantan li dwe konsilte Senior Field Counsel, oswa Biwo Avoka Jeneral si Senior Field Counsel pa disponib, pou detèmine si gen sikonstans egzijan oswa yon menas iminan nan danje. Yo pa ka fòse elèv pase yon entèwogasyon.
 - b. Si entèwogasyon an fèt nan absans yon paran, direktè a/reprezantan li dwe prezan pandan y ap poze kesyon yo. Yo dwe ofri elèv la opòtinite pou l chwazi yon manm estaf DOE ki disponib ki apwopriye pou li prezan pandan entèwogasyon an. Yo pa ka fòse elèv pase yon entèwogasyon. Pou elèv ki gen andikap ki gen enpak sou kapasite pou yo konprann oswa kominike, moun yo chwazi an dwe yon manm estaf ki kapab sipòte elèv la menm tou fòk elèv la konfòtab avèk moun lan.
 - c. Si li klè yon elèv se akize a nan yon krim epi kesyone li ka lakòz deklarasyon enkriminyasyon, yo dwe li Avètisman Miranda pou Entèwogasyon Jivenil pou elèv ki poko gen laj 16 ane ak Avètisman Miranda pou elèv ki gen laj 16 ane oswa plis an prezans direktè a/reprezantan li oswa paran/responsab la.
 3. Abi ak Neglijans Timoun:
 - a. Gade [Règleman chanselye A-750](#) pou jwenn detay pou rapòte akizasyon sou abi sou timoun, move tretman oswa abi yon paran, moun ki responsab swen timoun lan oswa moun yo jwenn regilyèman nan kay timoun lan.
 - b. Lè ACS vle poze yon elèv kesyon sou yon akizasyon abi sou timoun kont yon paran, yon responsab oswa yon moun ki gen gad timoun lan, direktè a dwe pèmèt entèwogasyon an fèt epi li pa dwe kontakte paran an, responsab la ni moun ki gen gad timoun lan.
 - c. Lè NYPD oswa ACS mande pou poze yon elèv kesyon sou yon akizasyon ki gen rapò avèk abi timoun kont yon moun ki toujou kontinye ap viv nan menm kay, NYPD oswa ACS dwe detèmine si entèwogatwa a ta

dwe fèt san yo pa kontakte paran an. Nan youn oswa lòt ka, direktè a oswa yon moun timoun lan konfòtab dwe prezan pandan entèwogasyon an, sofsi timoun lan pa vle sa. Pou elèv ki gen andikap ki gen enpak sou kapasite pou yo konprann oswa kominike, moun yo chwazi an dwe yon manm estaf ki kapab sipòte elèv la menm tou fòk elèv la konfòtab avèk moun lan. Gade [Règleman Chanselye A-750](#) pou enfòmasyon anplis.

4. Entèwogasyon SCI

- a. Lè SCI mande pou fè entèwogasyon avèk yon elèv, yo dwe kontakte paran an pou jwenn konsantman paran an pou entèwogasyon an.
- b. Si yo dakò entèwogasyon sa a, li dwe fèt nan yon fason ki pa deranje lekòl la twòp.

C. Poze estaf kesyon

1. Krim ki gen rapò avèk lekòl: Nan tout ka kote NYPD mande pou poze estaf lekòl oswa estaf ki pa DOE kesyon nan lekòl la konsènan yon swadizan krim ki gen rapò avèk lekòl la, direktè a/repzantan li dwe dakò pou entèwogasyon an fèt; sepandan, estaf DOE ak estaf ki pa DOE pa oblije reponn kesyon. Si yon ajans k ap fè investigasyon ki pa NYPD mande pou poze estaf lekòl la kesyon, direktè a ta dwe kontakte *Senior Field Counsel*.
2. Krim ki pa gen rapò avèk lekòl: Nan tout ka kote NYPD/ajans k ap fè investigasyon mande pou poze estaf oswa estaf ki pa DOE kesyon nan lekòl la konsènan yon swadizan krim ki pa gen rapò avèk lekòl la, direktè a/repzantan li dwe mande pou entèwogasyon sa yo fèt nan lè kou p ap fèt nan lekòl. Si NYPD/ajans k ap fè investigasyon endike gen sikonstans egzijan ki jistifye pwosedi ak yon entèwogasyon oswa yon menas iminan danje, direktè a/repzantan li dwe pale avèk *Senior Field Counsel*, oswa Biwo Avoka Jeneral la si yo pa kapab kontakte *Senior Field Counsel*.
3. Abi ak Neglijans Timoun: Lekòl dwe swiv pwosedi ki etabli nan [Règleman Chanselye A-750](#) lè ACS mande pou fè entèwogasyon avèk estaf ki gen koneksyon avèk ankèt sou abi oswa neglijans timoun. Dapre règleman sa a, chak manm pèsone oblije kolabore nan investigasyon sa yo san yo pa konsidere si lekòl la te rapòte akizasyon yo.

VII. VERIFIKASYON AK KONFISKYON KONTRABAN EPI LÒT ATIK YO ENTÈDI

- A. Anplis de pwosedi notifikasyon ak fè rapò ki etabli nan règleman sa a, yo dwe swiv pwosedi sa yo lè yo dekouvri kontrebann oswa lòt bagay ki entèdi ki reprezante yon danje pou kominote lekòl la. Pou rezon règleman sa a, objè yo entèdi vle di zam jan sa defini nan Atant Konpòtman Vil DOE pou Sipòte Aprantisaj Elèv, kèlkeswa si lalwa entèdi yo, marigwana ak dwòg ilegal si lalwa entèdi.
- B. Yo dwe suiv pwosedi sa yo chak fwa yo dekouvri kontrebann:

1. NYPD ak ajan sekirite lekòl la dwe konfiske epi verifye tout objè yo entèdi yo epi NYPD ap pote yo nan pòs polis la. Si yo dekouvwi objè yo entèdi, yo dwe remèt li imedyatman bay yon SSA pou yo ka verifye epi retire li nan lokal lekòl la.
 2. **Nan okenn ka, objè yo entèdi pa ka rete nan lekòl la oswa nan men estaf lekòl la.** Si NYPD/SSA pa verifye oswa retire objè yo entèdi yo, direktè a/reprezantan li dwe kontakte direktè sekirite Borough li a imedyatman.
 3. Chak fwa NYPD/SSA verifye objè yo entèdi yo, direktè a/reprezantan li dwe jwenn nimewo yo fè verifikasyon an epi mete li nan rapò OORS ki obligatwa a.
- C. Yo dwe suiv pwosedi sa yo lè yo jwenn yon elèv gen objè yo entèdi ki pa reprezante yon danje pou kominote lekòl la (pa egzanp, *vaping devices*, sigarèt elektwonik, alkòl, sizo, lim pou fè zong):
1. Manm estaf lekòl la, SSA oswa NYPD, dwe bay direktè a/reprezantan li objè ki pa entèdi yo.
 2. Direktè a/reprezantan li dwe mete objè a an sekirite nan yon kazye/espas ki fèmen (pa egzanp: kabinè, tiwa) epi avèti paran an ak mande paran an oswa yon lòt adilt paran an chwazi pou vin lekòl la vin pran objè a.
 3. Nan okenn ka, yo pa kapab bay elèv la, frè/sè oswa nenpòt manm fanmi ki enskri nan yon lekòl leta Vil Nouyòk, kèlkeswa laj li objè ke yo te pran nan menm elèv ki konsène a. Se sèlman paran an oswa yon adilt apwopriye paran an chwazi pou yo remèt objè sa yo.
 4. Objè sa yo pa dwe rete sou pwopriyete lekòl la pou yon peryòd pwolonje. Si apre plizyè tantativ pou kontakte paran an pou li vin pran objè a, direktè a/reprezantan li dwe jete objè a san danje apre 30 jou lekòl.
 5. Direktè a/reprezantan li dwe mete enfòmasyon sa yo nan rapò OORS ki obligatwa a: jou ak dat yo kontakte paran an; non moun ki te vin pran objè yo te konfiske a, dat yo te vin pran li epi, si yo pa vin pran li, yo dwe mete dat yo te jete li a.
- D. Direktè a/reprezantan li dwe fè foto nenpòt objè yo entèdi ak objè ke yo pa entèdi ki nesèsè pou pran disiplin elèv la.
- E. Lè NYPD/SSA fouye elèv men se pa atravè eskanè detektè metal (pa egzanp: detektè metal, aparèy pòtatif), yo dwe fè sa nan yon zòn apa direktè a/reprezantan li chwazi, eksepte kote gen enkyetid imedya sou sekirite. Gade [Règleman Chanselye A-432](#) pou plis enfòmasyon konsènan lè y ap fouye elèv ak kazye.

VIII. BIBLIKASYON ENFÒMASYON SOU ELÈV

- A. Si pa gen yon ijans sante oswa sekirite, yo pa kapab divilge okenn enfòmasyon ki soti nan dosye yon elèv bay twazyèm pati, ki gen ladan NYPD ak SSA, eksepte sa ki konsistan avèk [Règleman Chanselye A-820](#). Si yo fè yo mande enfòmasyon oswa dosye

elèv, direktè a dwe kontakte Senior Field Counsel li a oswa Biwo Avoka Jeneral la pou mande konsèy.

- B. Si yon paran mande kopi yon rapò OORS konsènan yon ensidan kote pitit li te enplike, lekòl la dwe swiv pwosedi ki nan [Règleman Chanselye A-820](#).
- C. Direktè a/reprezantan li dwe suiv pwosedi ki nan [Règleman Chanselye A-750](#) konsènan divilgasyon dosye bay ACS, NYPD oswa lòt ajans ki fè respekte lalwa k ap mennen ankèt sou abi ak/oswa move tretman sou timoun.

IX. DEMAND RANSÈYMAN

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo bay:

Biwo sekirite ak fòmasyon jèn
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk
52 Chambers Street
New York, NY 10007
Telefòn: 212-374-4220
Faks: 212-374-5751